

BAB III

TRANSKRIPSI DAN TERJEMAHAN CERITA KENTRUNG ARYA BLITAR

3.1 Pengantar

Pada bagian 1.8 telah disinggung tentang metode pengarsipan yang akan digunakan dalam mengarsipkan cerita kentrung *Arya Blitar* ini. Ada tiga metode atau tahap yang akan digunakan di dalam melakukan pengarsipan, yaitu metode transkripsi, ejaan, dan penerjemahan.

Pada tahap transkripsi, teks wicara diubah dalam bentuk tertulis dengan menggunakan prinsip '*pemindahan secara setia*'. Maksudnya, semua ucapan dalam dipindahkan dalam bentuk tulisan dengan keadaan yang tidak jauh berbeda atau dengan kata lain ditulis apa adanya seperti dalam bahasa lisan.

Ejaan yang digunakan dalam transkripsi ini adalah merujuk pada '*Pedoman Ejaan Bahasa Jawa Yang Disempurnakan*' (Pusat Pengembangan dan Pembinaan bahasa, 1976) yang di dalamnya telah diatur tentang kaidah-kaidah penulisan. Di samping itu, untuk hal-hal atau kaidah-kaidah tertentu yang tidak terdapat pada pedoman tersebut, maka merujuk pada '*Pedoman Umum Ejaan Bahasa Indonesia Yang Disempurnakan*' (Pusat Pengembangan dan Pembinaan bahasa).

Pada tahap penerjemahan menggunakan atau mengikuti *prinsip penerjemahan secara bebas*. Maksudnya ialah penerjemahan tidak dilakukan secara perkata atau mengikuti struktur bahasa yang digunakan oleh dalang, melainkan disesuaikan dengan struktur bahasa tulis gaya penceritaan. Meskipun demikian, pentranskripsian diusahakan tidak menyimpang dari konsep budaya. Di samping itu, prinsip lain yang digunakan menganut pada prinsip yang pernah dikemukakan oleh Nida dan Taber (dalam Hutomo, 1993:20), yakni pemindahan amanat (*message*) dengan memperhitungkan situasi kondisi bahasa penerima. Prinsip ini digunakan untuk memindahkan kutipan-kutipan yang berupa ungkapan kesusastraan bahasa Jawa yang tidak diterjemahkan dengan tujuan untuk menjaga keaslian bentuk dan fungsinya.

Teks cerita kentrung yang akan ditranskripsikan dan diterjemahkan ini berasal dari rekaman tanggap pada tanggal 26 Oktober 1996 di Taman Budaya Surabaya. Teks cerita ini terdiri dari tiga bagian. Masing-masing bagian ini diberi nama *pendahuluan*, *batang tubuh*, dan *penutup*.

Bentuk *pendahuluan cerita* berupa puisi bebas yang berisi ucapan salam perkenalan dan permintaan maaf. Pendahuluan ini terdiri dari satu bait yang diulang kembali. Cara pembawaannya dinyanyikan bersama.

Batang tubuh cerita berbentuk cerita prosa yang berupa naratif dan dialog pelaku cerita. Cara pembawaan batang tubuh cerita dituturkan oleh dalang dengan tanpa dilagukan. Dalang kadang-kadang melagukan bagian-bagian tertentu dari batang tubuh cerita agar penonton tidak bosan. Di samping itu, dalang juga

menyisipkan parikan yang dilagukan pada setiap pemberhentian cerita. Pada bagian batang tubuh cerita yang dilagukan, berbentuk puisi bebas yang tidak terikat oleh unsur-unsur dalam puisi lama (rima asonansi, aliterasi, perulangan, dan lain-lain). Sedangkan *parikan* yang dibuat oleh dalang berbentuk seperti puisi lama/pantun yang terikat pada aturan-aturan tertentu. Bagian yang dilagukan, baik batang tubuh cerita maupun parikan, selalu diiringi *tingkahan* oleh panjak. Pada bentuk *penutup cerita* berupa puisi bebas yang berisi nasehat. Cara pembawaannya dilagukan bersama (*koor*).

Untuk menyesuaikan dengan bentuk aslinya dan untuk memudahkan pemahaman, cerita kentrung *Arya Blitar* di dalam bentuk tulisan diatur sedemikian rupa sehingga dapat dibedakan bagian yang dilagukan, bagian naratif, dan percakapan antar pelaku. Dengan meminjam istilah dari dunia *pedhalangan* (Mudjanattistomo, 1977:14) dan dengan pengertian yang agak berbeda sedikit, digunakan istilah *janturan* untuk menyebut bagian yang dilagukan, dan istilah *kandha* untuk menyebut bagian naratif (cerita dalang tentang keadaan atau peristiwa yang dialami pelaku baik yang sudah terjadi, sedang, maupun akan terjadi).

Pada transkripsi dan terjemahan, ucapan dalang berusaha dibedakan dengan ucapan panjak. Ucapan panjak yang umumnya berupa tingkahan pada bagian yang dilagukan maupun tidak, ditulis dengan huruf miring. Sedangkan pada hal-hal tertentu, misalnya panjak membenarkan ucapan dalang atau panjak

berdialog dengan dalang, maka ucapan panjak tetap ditulis dengan huruf miring dan diletakkan dalam tanda kurung.

Ucapan dalang yang tidak selesai atau ucapan dalang yang berhenti karena mengingat sesuatu yang terlupa, diteruskan dengan tanda elipsis (...). Sedangkan untuk kata-kata yang dipentingkan pada penerjemahan maka ditulis dengan huruf miring (*!*).

Karena pentranskripsian ditulis apa adanya seperti dalam bahasa lisan maka untuk memahami teks cerita *Arya Blitar* telah disediakan *catatan transkrip*. Sedangkan dalam menerjemahan, untuk kata-kata yang tidak dapat diterjemahkan secara langsung (memerlukan pemaknaan lebih mendalam) maka disediakan *catatan terjemahan* untuk memuat kata-kata tersebut.

Untuk memudahkan mengutip, maka teks cerita kentrung *Arya Blitar* disajikan sebagai berikut:

(1) Pengaturan bab demi bab:

Bab I : Pendahuluan

Bab II : Babak Pertama

Bab III : Babak Kedua

Bab IV : Babak Ketiga

Bab V : Babak Keempat

Bab VI : Babak Kelima

Bab VII : Babak Keenam

Bab VIII : Penutup

(2) Setiap lima baris diberi angka dan urutannya sebagai berikut: 5, 10, 15, 20, dan seterusnya. Angka ditempatkan di sebelah kiri teks.

Pengaturan bab dan penomoran ini berlaku untuk pembuatan teks transkripsi dan teks terjemahan. Penomoran antara teks transkripsi dan teks terjemahan tidak selalu terdapat pada tempat yang sama. Hal ini disebabkan karena keadaan bahasa Indonesia tidak sama dengan bahasa Jawa.

3.2 Trankripsi Teks Cerita Kentrung Arya Blitar

I

PENDAHULUAN

(koor:) Sung pambagya katur padha para miarsa,
 Ngeluri kebudayaan kita,
 Tri Santoso Budaya ingkang sami makarya,
 Mugi paring tuladha mring para kadang mitra,
5 Kanggo nglipur dhumateng para miarsa,
 Menawi lepat nyuwun gunging pangaksama.

 Sung Pambagya ngatur marang para miarsa,
 Ngeluri kebudayaan kita,
 Tri Santoso Budaya ingkang sami makarya,
10 Mugi paring tuladha mring para kadang mitra,
 Kanggo nglipur dhumateng para miarsa,
 Menawi lepat nyuwun gunging pangaksama.

II

BABAK PERTAMA

1 (janturan:)Lawase jaman semono,

ya semono..

Pareng matur dhumateng sedaya pamiarsa,

pamiarsa..

5 Saderengipun kinarita kula waos ingkang langkung cetha,

ya la piye..

Mbok bilih mangke wonten wasesa lan kandha kula sedaya,

ya ra genah..

Kula ingkang kajibaken nyuwun agenge samodra, inggih

10 pangaksama,

pangaksama..

Dasar kula sampun nampi katur ingkang kagungan kersa,

ya la tenan..

Mulai sakmangke ngantos sakmangken kula crita,

15 *yen kula crita*

Kados pundi sejarahc lahirc Jaka Kandung, zaman semana.

Ya.....

Babatana lho wang akeh, rampasana,

rampasana..

20 Wong dalane lho mas, mlebu suwarga,

mlebu suwarga

Aja dibabati kudhi lan wangkil,

ya nyang apa

Babatana muji lan dzikir.

25 Ora liya wicara kahanane negara,

ya negara

Sing murah sandhang kalawan ya lan murah pangan,

murah pangan

Gemah ripa loh jinawi karta tata tur raharja,

30 *tur raharja*

Nanging ora kaya Kadipaten Blitar sing dhisik dewe.

eh....

Kula nulis-nulis karana Allah,

karana Allah

35 Kula niki lho dulur, taksih sekolah,

ya sekolah

Bilih mangke wonten ukara ingkang salah,

ingkang salah

Nyuwun ngapunten dhateng sederek kadang.

40 Siniba sakabehing wadya punggawa,

ya la piye

Sri mantri naryapa sakpirang-pirang,

pirang-pirang

Sinten ingkang dados wonten lenggahaning Kadipaten Blitar kang

45 dhisik dewe,

ya la piye

Ingkang asesile Adipati Arya Blitar, ya Adipati Nila Suwarna.

ya...

O..Kemangi-mangi sempal gagange,

50 *gagange*

Banyu mili lho mas, ngetan parane,

etan parane

Aja wani-wani karo wong tuwane,

ya nyang apa

55 Prasadat wani karo Pangerane.

Ing ngriku karawuhan sesepuh ing Blitar,

ya la ya..

Inkang asesile congge Sengguruh,

ya Sengguruh

60 Kyai Ageng Sengguruh inkang dados sesepuh ing negari Blitar.

ya lah tenan

Prapta enggal kaya bledhek sewu swarane Ki Ageng Sengguruh,

ya Sengguruh

Ngendika kaget,

65 *he...!*

kaget...aku sing teka.

Menyang Blitar mampir Penataran,

ya la piye

Ora lali proklamatore,

70 *proklamatore*

Ayo konco padha berjuang,

berjuang

Mbangun bangsa lan negarane.

(kandha:) Byar padhang mbangun raina, ing Blitar sampun samakta.

75 *(ya la elo Rasullullah)*

“Kyai Ageng Sengguruh.”

“Nyuwun timbalane kang adawuh, Gusti.”

80 “Sakderenge kawula sekedhik matur, sumangga sasarengan muji syukur dhateng ngarsane Gusti kang Maha Kuaos. Dening menapa wedal ing menika taksih makempal wonten kadipaten mboten wonten halangan setunggal menapa.”

“Inggih ngger, kula inggih sumanten ugi, pun ngunjukaken puja-puji syukur, dhateng ngersa dalem Gusti Kang Maha Kuwaos, lan saklajengipun kula ngaturaken sembah sungkem pikunjuk.”

85 “Oh, inggih-inggih, Ki Ageng. Panjenengan ngatur sembah sungkem ingkang mungkur saking sucine manah panjenengan kang utami. Mboten wonten pujo lan puji kula ugi dhumateng panjenengan.”

“Inggih-inggih anak angger, kula tapi dadosaken sumrahing manah.”

90 (kandha:) Kajaba ya saka kuwi, kabeh kawula ing Blitar. Pepander sakpirang-pirang rikala jaman semono. (*ya la elo le ela*)

“Kejawi saking menika, anak angger. Menika sampun sami samakta. Wadya punggawa, para demang-demang, para metenggung-metenggung (*ala tumenggung*) tumenggung-tumenggung, menika sampun

95 seba. Lha menika wonten wigatos menapa tah nak angger? Sebabipun, sampun pitung dinten menika dalem penjenanganipun, menawi dalu mboten kersa sare, menawi siang mboten kersa dahar.”

“Inggih Ki Ageng, sebab-musababipun ngaten. Kula namung menggalihaken rayat kula utawi garwa kula saking Kadipaten Blitar.

100 Menika tansa tawang-tawang tangis.”

“Ingkang dados sebabipun menapa?”

“Inggih kula malah dereng saget andangu dhateng garwa kula. Mangga kula aturi, inggih menika animbali garwa kula.”

(kandha:) Rikala jaman semanten, wonten ing raja kaputren, wonten
105 ing Taman Sari, Kusumaning ayu Rayung Wulan... Lek wicara raine Dewi Rayung Wulan, yen cinandra kurang candra turah rupa. Wonge jan lengkung-lengkung lencir kuning. Rambute prenuh-prenuh ngembang bakung. (*ah, akeh tumane.*) Wis ora cek tumane. Pendheke, garwa Adipati... lek sak Surabaya ngono ora ana sing mbanding, kejaba bojoku
110 dhewe (*dene ya ora no..*).

Lha tenan, mbasa ditimbali karo Ki Ageng Sengguruh...

“Wonten wigatos menapa, Ki Ageng?”

“Mangga-mangga, kula dherekaken. Panjenengan dipun aturi tindak wonten ngarsa dalem Gusti Adipati.”

115 “Sumangga kula dherekaken, Ki Ageng.”

(kandha:) Banjur ya budhal tenan, tindake si Rayungwulan, garwa Adipati Arya Blitar, ngaras.... ngersa ing jaman semana. (*Ya la elo, elo la*)

“Wonten wigatos menapa. Kangmas Dipati?”

“Di Ajeng, sakrawuhmu padha waras.”

120 “Angsal puja pangestu panjenengan sowan kula nderek tampi sembah sungkem kula.”

“Ya, ya, dening sira ngaturaken sembah sungkem sing mungkur saka sucining atimu tak tanpa lan tak puja. Lan pujiku tampanana.”

125 “Inggih dhawuh pikule, dados jimat anambah kekuatan kula ingkang dhawuh.”

“Ya, ya, dikepenakake anggenmu paseba. Kejaba saka iku, sliramu kenek apa ta, kok tansa tawang-tawang tangis? Pirang-pirang pasowan ora kersa tindak menyang kadipaten.”

“Kepareng unjuk matur, ya Kangmas Adipati.”

130 “Ya, ya, matura.”

“Rikala jaman dhek dinten Jemuah Legi ingkang kepungkur, kawula nyupena lan kula menika gadhah idam-idaman. Rajan kula menika taksih dinten menika taksih nglampahi ngunjuk.” (*ah ngandut*)

“Lho dadi sliramu wis ngandut?”

- 135 “Inggih sampur.” (*sampun*)
 “Wis pirang wulan?”
 “Menawi wulanipun, dintenipun, kula mboten kemutan. Ning lekasanipun genah.”
 “Nah, lekase kapan?”
- 140 “Inggih ket siyen nika ngantos sak niki.”
 “Eh..eh..”
 “Inggang rikala semanten, kula lajeng nyupena, putra kula mbenjang saget dumatos nata upaya dadi dipati. Menawi kula kagungan kang idham-idhaman, inggih menika, kula kepingin iwak badher bang
- 145 sisik kencana.”
 “Iwak badher bang sisik kencana?”
 “Inggih, Kang Adipati.”
 “Lha, endi ana? Lha, aku mireng dhek sepisan iki. Ki Ageng!”
 “Timbalane ingkang dawuh.”
- 150 “Pundi Ki Ageng, kang wonten iwak badher bang sisik kencana?”
 “Lha kula krungu mawon taksih pisan niki lho, nak Dipati. Anggenipun badhe pados dhateng pundi?”
 “Eh, kiranganipun menapa panjenengan ingkang dados sesepuhe wonten ing Kadipaten Blitar niki?”

155 (kandha:) Kocap-kocap macem mono... Kyai Ageng Sengguruh
 jaman semana, reh dene kepingin anduduki utawi njungking keprabon
 ing Kadipaten, banjur bakal gawe reka daya merjayani sang Adipati.
 (Ya elo... elola... Rasulullah.)

“Anak angger Dipati.”

160 “Timbalane ingkang dawuh, Ki Ageng.”

“Sak menika ngaten mawon. Panjenengan ngiras pantes
 ngerekaaken puwarga punggawa saking kraton utawi saking Kadipaten
 Blitar. Sumonggo nderek kula sedaya, kula tedahi wontenipun iwak badher
 bang sisik kencono. Mbok bilih wontenipun keluk, mestinipun wontene
 165 api. Wontenipun suwanten, mestinipun wonten rupinipun. Sumonggo
 wadya punggowo ngiras pantes dipun kumpulaken.”

“Menawi kados mekaten, kula badhe minggah sanggar pamuja,
 sanggar kalenggahan, mitose kanugrane dewa kalonggaraning jagad.
 Mugi-mugi ingkang kados idam-idamane garwa kula kasembadan lan
 170 ditampi Gustine Allah Ta’allah.”

(kandha:) Ngadek mak... nyet, ora sranta. Ki Ageng Sengguruh
 ngrekaake wadya punggawa, sing dipandhegani Arya Simoluwih rikala
 jaman semono. (ya ela, elo Rasulullah). Banjur budhal ing Pasir Panjaba.
 (ya la elo Rasulullah). Papander ing alun-alun rikala jaman

175 semana. Ki Ageng Sengguruh ngawisaken wadya bala pirang-pirang.

(ya laelo...elola)

III**BABAK KEDUA**

(janturan:) Lho semono lakune wong wadya punggawa,

ya la piye

Bapak andil, gedhe cilik, sakpirang-pirang,

lha tenan, lha tenan

5 Sing di dawuhi karo adipati kala semono,

ya la ya..

Dilibatake karo Ki Ageng Sengguruh.

ya...

Ali-ali tumumpang kasur,

10 *tumumpang kasur*

Ngelingana larang regane,

ya le ya

Aja lali karo pahlawan sing gugur,

ya la ngapa

15 Ngelingana jasa-jasane.

Ya...

“Eh, kanca-kanca kabeh, saiki padha ya nyedheka.”

la piye

“Inggih Gusti, wonten wikados napa,

20

ya la tenan

Badhe kula, badhe ngasek lenggah kula,

la ya

Wonten wikados napa ditimbali sang Adipati?”

Ijo-ijo godhonge pandan,

25

ya la piye

Godhong pandan sing dawa-dawa,

dawa-dawa

Ayo kanca padha berjuang,

ya berjuang

30

Ngamalake Pancasila.

Ya....

(kandha:) Papandher ing alun-alun, dipimpin Ki Ageng Sengguruh.
(ya la ya) Rikala jaman semana, Ki Ageng Sengguruh ngawis wadya
 punggawa. Nanging Ki Ageng Sengguruh wis kenthel utawa wis... sajake
 35 wis maton eneke iwak badher bang sisik kencana. Rigawe rewa-rewa
 ngreka daya anggone bakal ya kuwi merjayani Dipati Nila Suwarna.

“Simolurik.”

“Timbalane ingkang dawuh, Ki Ageng.”

“Kowe kepingin duwe pangkat, apa ora?”

40 “Inggih saben tiyang menika, kepingin gadhah pangkat.”

“Lha iki ngene. Yen kowe kepingin duwe pangkat, kowe manut karo aku.”

“Ya, kados pundi?”

45 “Kowe kudu manut karo iguh polah ikalku iki. Aku bakal rewa-rewa, gawe iwak bader bang sisik kencana ana ing Blitar sing kidul wetan, meh kikis Malang. Ya kuwi tak cemplungake ning Kedhung Gayaran.”

“O, ngaten.”

50 “Lha iki mbesuk, Sang Adipati supaya nyari-ari piyambak, ora kena ngasto gegaman. Lha mengko yen iwak bedher bang sisik kencana dipancing ora kenek, lha engkok sang Adipati jongkokno sak jerone blumbang kono utawa sendhang kono. Gek dikrutuk watu sing kaya ditutu, ditutup bata sing kaya ditata. Lha sang Adipati Suwarna wis seda, sing ngganti adipati, aku, Arya Sengguruh. Kowe tak angkat dadi tape, (*patih*) anu patih.”

55 “Oh inggih-inggih. Lha sampean kok pinter, ta?”

“Cara ra pinter, aku ora dadi Ki Sengguruh. Wong aku dadi... wong aku dadi tuwa-tuwane wong Blitar jare.”

“Oh, inggih-inggih. Dados panjenengan menika dados tuwa-
tuwane Blitar. Lho nek kentrung?”

60 “Kentrung, ya kentrung ka Blitar.”

“Dalange kok sik cilik?”

“Wong dhek ndhalang jik telung taun kok e. Ning, nek tanggapan
ping satus wae, go wis enek. Ning dhuwite wis entek.”

“Gek apa ta?”

65 “Wong saiki ngobyek, ngobyeke katha, sing dituku pirang-pirang,
dhuwike wis entek.”

“Lha teng mriki mengke?”

“Lha iki dipanggil neng Taman Budaya iki, awake dhewe iki,
ngiras pantes nguri-uri kabudayan Jawa sepisan. Ping pindhone hiburan.”

70 “Apa namung hiburan thok?”

“Ya ora. Ya gampang mengko ijole bensin, ya enek kira-kira. Tapi
ya, mboh mengko karo Pak Pram. Mosok gek mentala, adohe kene
Blitar.”

75 “Inggih gampil ngeten mawon, nek perkara tukang kentrung niku,
disangoni ya arep, ora disangoni...dienteni. Lha ngono tho?”

(kandha:) Lha tenan, Kyai Ageng Sengguruh, wis sajake jan wis
kentel. Rikala jaman semanten. Sinten ta ingkang nginceng utawa ingkang

ngintip wonten ing sak celake Ki Ageng Sengguruh. Inggih menika punakawane Dipati Nila Suwarna, ingkang asesile Kyai Wangkeng, ya
80 abdi kinasih. Bathine Kyai wangkeng:

“Dadi gustiku arep diperjayani. Ya... yen koyo mengkono, tak titenane kaya apa mbesuk dadine.”

(kandha:) Kocap-kocap jaman semana. Sakbubare bakal gawe reka daya, anckani wonten kadipaten malih. *(ya la elo, elo la)*

85 Sang Adipati mboten wonten kang kadipaten anggenipun lenggah. Nanging wonten rojo kadipaten, ngadep ingkang garwo Puspaning Ayu Rayungwulan.

“Kula nuwun, anak angger.”

“Lha kados Kyai Ageng Sengguruh.”

90 “Inggih.”

“Sajak sampun wonten angsal damel.”

“Sampun. Menika ngaten lho ngger, Jeng Adipati. Panjenengan kula aturi tindhak wonten ing Kedhung Gayaran. Menika wonten salah setunggale iwak bader bang sisik kencana, ingkang dados idam-
95 idamanipun garwo panjenengan.”

“Wonten?”

“Nggih wonten, nanging panjenengan nyari-ari piyambak. Sampun

ngantos ngajak prajurit, sampun ngantos ngajak kawula. Panjenengan piyambak supados tindak wonten Kedhung Gayaran.”

100 “Oh, inggih Ki Ageng. Menawi kados mekatan.”

“Sumawi panjenengan tindak wonten ngajeng, kula ngentut wonten wingking, (*ngetut ning ngguri*). Lha ngetut, ngetutne ning nggurine. Wis wadya kawula ngetutne sak pirang-pirang ning teka alun-alun kono. Sebab mboten dipun parengaken ngasta prajurit.”

105 (kandha:) Budhale sak pirang-pirang. Wis teka ning alun-alun. Ndilala kersaning Allah. Sak jabare tekan alun-alun (*ya la elo, elo la*). Banjur budhal tenan. Saya adoh... saya adoh...(*ya Rasulullah*)

IV

BABAK KETIGA

- (janturan:) Ole opak, sing ole bandeng,
Bapak mikul kothak, serdadu ngunekne mriyem,
Mriyem-mriyem gedhe, bareng ditoleh sakithik,
Ece-eee bunder, bokong gedhe mlakue keder.
- 5 Semende kayune jeruk,
Mangan gobak ning nisor nangka,
Kepriye kahanan nasibe mbesuk,
Yen ra nekat adoh wong tuwa.
- Dondong apa salak,
- 10 Bocahe milih duku mas, karo rambutan,
Kowe gendhong, apa milih numpak becak,
Sing wedok milih mlaku sinambi cubit-cubitan.
- Saka Sabang sampai Merauke,
Iku ngono dudu wong siji,
- 15 Senajan seje suku lan bangsane,

Dadi sawiji pemerintahane.

(kandha:) wis teka nang celake Kedhung Gayaran, rikala semono.

(ya ela, elo Rasulullah)

Sini gegar gayo, gantia anggen kula angucap. Ki Ageng Sengguruh lajeng,
 20 inggih punika nglepas agemanipun, sumping ingkang kanan. Dipun
 sawataken, dipun lebetaken salebete Kedhung Gayaran. Mak lap... kaya
 cacing. Lha sumpinge abang, dicemplungake jero kedung. Ketok kelap-
 kelap, kaya iwak badher bang sisik kencana. Lha tenan, para kawula sing
 gasik iki wis kabeh padha kupeng ana ing Kedhung Gayaran.

25 “Menika lho anak angger, lha menika, lha menika, lha..lha...”

“Oh... inggih-inggih. Oh, dados iwak badher bang sisik kencana
 menika ta, Ki Ageng?”

“Inggih!”

30 “Wah! Kok inggih endah tenan toh. Menawi mbok mangke saget
 kula cepeng, mendah inggih menika maremipun garwa kula.”

“Sumangga enggal dipun cepeng.”

(kandha:) Ndilalah kersaning Allah. Sang Adipati Suwarna ngulurake
 jalane. Jala dibeber, mak pyok! Bareng ya dudu iwak. Kelom...kelom...
 Dioprak-oprak banyune, sing obah dudu iwake, ning sing obah banyune.

35 Jala kecanthol. Mboh sing nyanthol nek njero sendhang kono.

“Sang Adipati, sajakipun jalanipun kecanthol ugi.”

“Inggih!”

“Panjenengan, nganu mawon, gogo mawon.”

(kandha:) Ndilalah kersaning Allah. Rikala sampun samakta
40 samagdyo. Punggawa saking ngitit sang Adipati, sampun gupuh wonten
ing ngriku. Taksih wonten ing sak celake. Lajeng dipun jongkokaken.
(*ya elo, elo la*).

(Janturan:) Adipati ya banjur nyemplung,

ya la piye

45 Wonten ing Kedhung Gayaran rikala semono,

ya la tenan

Sawadya punggawa ngrutuk watu kaya ditutu,

ya la iya

Dikrutuk bata kabeh, kaya ditata.

50 Pamujine soko wong tuwa,

teka wong tuwa

Anak putu lho mas, padha suliya,

padha mulia

Tuwa muda, mbela negara,

55

ya nyang apu

Angayomi nusa lan bangsa.

Ya...

(kandha:) Dianggepe ya sang Adipati sampun seda, nanging dereng.

(*Ya la elo Rasulullah*). Anggepe Ki Ageng Sengguruh, sang Adipati

60

sampun seda nanging ingkang dipun tutup jiwa raganipun Sukmanipun taksih saget angsal keke.

“Ki Ageng Sengguruh, yen kowe ngarah patiku...hm, tak trima.

Aku nrima wae. Nanging, aku ora bakal mati sak jeroning Kedhung Gayaran. Aku bakal napakake putraku sing dikandung garwaku,

65

Kusumaning Ayu Dewi Rayung Wulan. Nggih kaya mengkono, ya titenana. Mbesuk nek anakku lahar (*laid anu lair*), titenana kowe diwales anakku lanang.”

(kandha:) Lha tenan. Rikala jaman semono, Kusumaning Ayu Dewi

Rayung Wulan kraos reh dene sang Adipati sajak dipun sedani. Lha sang

70

Adipati sajak dipun sedani Ki Ageng sengguruh nanging mboten seda. Ngiras pantes napakaken, nggih menika ingkang putra. Kirang sifatipun

Sang Adipati Nila Suwarna, sukmanipun majalma utawi masruk utawi nitis dhateng peksi perkutut putih sing bisa tata jalma.

(we la dalah)

75 “Ya ta.... titenana sing adipati angka loro, sing Ki Ageng Sengguruh. Titenana kowe mbesuk, sing malesake putraku.”

(kandha:) Siyekta tawa saneta, gantia kang angucap, surak lampik ambata rubuh Ki Ageng Sengguruh.

“Simolurik!”

80 “Timbalane ingkang dawuh, Gusti.”

“Lha cocok ta! Dipati Nila Suwarna saiki wis seda. Sing dadi adipati sing ping pindho, aku.”

“Inggih.”

85 “Aku dadi Adipati Arya Blitar sing angka loro, ya Ki Ageng Sengguruh. Lha saiki ngene. Reh dene aku wis dadi adipati, kowe tak angkat dadi Patih Simoluwih.”

“Nggih, mangestoaken dawuh, menawi kados ngaten, kula mangestoaken dawuh sang Adipati.”

90 “Ayo saiki dileremake dhisik. Sawentara kowe menyang kepatihan, aku tak purba wangsa menyang raja keputren.”

(kandha:) Sanekdya jaman semana, Adipati Sengguruh, ya Adipati Arya Blitar sing kaping pindho, banjur bakal menyang Raja Keputren. Ndilala kedhisikan tekane tiyang Ki Wangkeng. (*yu laelo...elolu*)

“Kaya Ki Wangkeng sing prapta ning kene.”

95 “Inggih Raden Ayu. Saderengipun lepat pangapunten sungkem kula ugi kunjuk.”

“Ya Wangkeng, tak tampa. Pangestuku tampanana, Kyai.”

“Inggih-inggih, kula pundi dados jimat.”

100 “Eneng wigati apa animbali utawa sliramu kaya sajak kloncong bapa ketam?”

“Inggih, menika ngaten lho. Rikala panjenengan ngidam iwak badher bang sisik kencana menika, sejatosipun mboten wonten. Inggang wonten agemanipun Ki Ageng Sengguruh dipun bucal wonten Kedhung Gayaran. Sang Adipati wonten Kedhung Gayaran lajeng dipun
105 jongkokaken. Sak menika Sang Adipati wonten salebeting Kedhung sampun memasitan kelamaya.”

(Janturan:) Banjur nangis garwane, jaman semono,

laelo...elola...

“Kyai Wangkeng kang Adipati apa wis seda?”

- 110 *lho tenan, lho tenan*
 “Kepriye karepe Ki Sengguruh.”
ya nyang apa
 “Kok ndadak gawe reka daya sing kaya ngono.”
Ya..
- 115 Njero kubur uler singgat padha ngrubung,
ya la piye
 Sira ijen tanpa bapa tanpa biyung,
ya tenan, ya tenan
 Ora anak, ora bojo, ora putu,
- 120 *ya la ngapa*
 Kari nampa ala becik kang sediya.
- (kandha:) Banjur nangis Dewi Rayung Wulan,....
- (Janturan:) Es lelen-lelen gulane putih,
warna putih
- 125 Wong pabrike jarene neng Tulungagung
Tulunganjuk
 Yen kowe lho dhik, kepingin ndang sugih,
a la opo

Najan tuwek, rabiya sing tukang kentrung.

130

lho...lho...lho...

Aja enak lho kangmas, leh nandur jagung,

ya piye

Mangan roti lho kangmas, ceblok ning lemah,

ceblok ning lemah

145

Ojo enak lho dulur, kowe dirabi wong tukang kentrung,

ya nyang apa

Pendhak bengi biyasane ra saba ngomah.

Kaya ngene-ngene yen rasane tempe,

tempe

150

Kaya kentang, nyang apa dibumbu rawon,

ya lha tenan

Kaya ngene rasane wong ora duwe,

ya nyang apa

Kaya wayang pinuju nggawe lakon.

155

Ya..

(kandha:) Rikala jaman semana. Ngomongake jaman mengkono.

Ndilalah kersaning Allah, tangise ingkono durung nganti meneng.

"Mangga Raden kula dherekaken" (*ya elo*).

(Janturan:) Semono dadi lakune

160

ya lakune

"Kula dherekaken kesah saking kabupaten ngriki

ya la a ayo

"Mangga mlampah, mangga ngriku, mriki mawon

lho nyang apa

165

"Ngiras pantes milahaken, inggih panjenengan."

ya...

V

BABAK KEEMPAT

(janturan:) Baeto ngambang ning toya,

ngambang ning toya

Sapa weruh mabat-mabite,

mabat-mabite

5 Aneng ndonya-ndonya mboten keliya,

ya nyang apa

Sapa weruh bibit kawite.

Ya...

(Kandha:) Lha tenan.... saya ngulon.... saya adoh, lajengipun utawi
10 tindhkipun Kusumaning Ayu Rayung Wulan, dipun abdi kinasih emban,
dipun inggih menika kasih Kusumaning Ayu Dewi Rayungwulan. Emban
iku durung pati tuwek, ditimbali:

“Emban, ayo nderek aku.”

“Inggih, Raden Ayu.”

15 (Kandha:) Regunuk-regunuk iku nggawe rok (*Iho wis tuwo nggawe rok*). I:h lah dalah, mung trimo buruh utawa manjing, dadi roke mung trimo momoane sarung sing panjak sing tengah (*duh mbanyol*).

“Nyuwun sendika, Raden Ayu.”

“Iki Kang Adipati wis sedha. Ayo ngetutake lakuku.”

20 “Mangga-mangga, Raden”

“Yayi”

“Wonten dawuh”

“Ayo nderekna aku”

(Kandha:) Lha wong telu tindak ngulon, saya ngulon... saya ngulon.

25 Ndilalah ing kono kuwi pas setengah welasawan. Sumuk-sumuk mblasak-mblasak, enek omah atek mujur kidul. Enek mujur kidul kuwi, ya ana omahe. Omah kidul, omah atek, cilik dibeteki rapet.

“Kyai wangkeng”

“Timbalan”

30 “Ayo leren kene dhisik”

“Mangga kulo derekaken”

”Leren!”

(Kandha:) (Lho iki terus leren tenan mengkono kuwi? *Lho, iki piye to iki Jarene kon leren. Wah cah iki piye, sing leren iki wayang iki lho leren,*
 35 Kyai Wangkeng karo Rayung Wulan leren. Diterusne! *Lho iki mlaku opo leren. Wah urung cukup dadakno.*) Lha tenan, leren tenan neng kono, mbasa leren neng kono.

“Yayi”

“Wonten dawuh pangandiko”

40 “Reneo tho, jajal reneo dhisik.”

(Kandha:) (Lho kowe nyang apa tha! *Jare kon mrono. Dudu kowe, sing kon mrono kuwi mbane karo abdine kon mrono. Ngonok kok ngawasi aku toh. Lho ning kancane mung kowe tok dadakno*) Lha terus mara tenan.

“Yayi!”

45 “Enten dawuh.”

“Iki apa tah, sing dienggo ngiyup awake dhewe iki?”

“Lha menika wontenipun kandhang.”

“Kok ya iyup, ya?”

“Inggih.”

50 “Ngene ya Yai, eling den eling. Jagad lan isine dadi saksenana. Reh dene, leh ku ngiyup karo sliramu kuwi nek dek kandhang, iki mbesuk enek rejane jaman, jenengna ‘Desa Kandangan’.”

(Kandha:) Lho saestu, sakkilenipun Kitho Blitar sakmeniko wonten Desa Kandangan.

55 “Ayo ta, diteruske lakune.”

 “Inggih.”

 “Yayi.”

 “Kula.”

 “Ayo ta!”

60 “Taksih kesel.”

 “Mbok ya ngadhek ta, ngadekko. Ayo ndek mangkat.”

(Kandha:) (Kowe ki ngapa ta? *Jare kon ngadhek*. Dudu kowe sing kon ngadhek. Iki abdine dijaluk mangkat. Iki diterusne!) Ngadhek trus mlaku tenan. Mlaku saya ngulon, saya ngulon. Ndilalah pas jam rolas, krasa ngelak. Njujuk nek sanding sumur. Enek barang songko lemah, digawe saka lemah ki bunder. Genthong ya dudu, ember ya dudu. Lha terus ngunjuk (*mak cegluk*) ngombe kaping telu. Lha mbasa ngunjuk kaping telu, ya kuwi sak bojong takon maneh:

65

“Ki Ageng!”

70 “Timbalane kang adawuh, Raden Ayu.”

“Iki sing nggo wadah banyu ki, apa ta?”

“Loh napa ta?”

“Kok anyes?”

“Menika angsal saking lempung. Naminipun maron.”

75 “Lha maron?”

“Inggih, Raden Ayu.”

“Ya eling-eling ya. Mbesuk yen ana rejane jaman, desa kene iki jenengana ‘Desa Maron’.”

(Kandha:) Lho tenen Desa Maron iki desane Mas Pram, ya Blitar.

80 Desane Mas Pram, sing nggawe Jaka Kandhung, ibune Jaka Kandhung. Dene saiki kana jenenge Desa Maron iki enek tenan. Desane Mas Pram iki Maron. Lha, masa wis tekan kana:

“Ya Ki, anggene... terusake anggone lumaku.”

(Kandha:) Banjur mlaku-mlaku tenan. Mlaku rikolo jaman semana, ya
85 ngalor-ngalor, saya ngalor, saya adoh mlakune Rayung Wulan.

(janturan:) Ayo kanca ning Kutho Malang,
Semarang jarene adoh kuthane,
Yo, ayo kanca, padha berjuang,
Ya berjuang kanggo negarane.

90 Lakune dikala digarang-garang,
Dewi Rayung Wulan, ya piyantun niku,
Ndilalah kersaning Allah,
Njujug ning lenggahaning gunung sing luwih ya dhuwur.

Sak Indonesia kabeh bangsaku,
95 Islam, Budha, Kristen, lan Hindu,
Tukar padhu, saiki ora perlu,
Ayo nyukseske pembangunanmu.

(Kandha:) Wis teka ning sanding gunung. Si Rayung Wulan semono
(*ya laelo...elola...*). Banjur nggawe gubuk. Gubuke ya ora gedhe, lha wong
100 piyantune telu, leh gawe gubuk mung rong meter persagi... rong meter
persagi. Sing dingge yup-yup ki ya kuwi wite alang-alang. Godhonge
alang-alang digapit. Lha tenan, lha leh laku Kusumaning Dewi Rayung
Wulan lan Kyai Wangkeng iki kiro-kiro wis ngancik pitung sasi. (*Gurung.*
Gurung piye toh? *Wong suwene ae pitung sasi.* Lha wong iki crito kok,

105 dadak nang kene pitung sasi. Rumangsamu nderek Mas Pram. *Lha kok suwe.... pitung sasi.* Lha wong crito iki sak jam uwis dadakna.) Lha tekan neng kono wis pitung sasi.

“Kyai Wangkeng!”

“Timbalane ingkang adawuh Raden Ayu.”

110 “O alah, wetengku kok krasa uyak-uyek, oyak-oyek. Boyokku krasa keju, krasa keju”

“Wadoh, yang Mban.”

“Wonten dawuh, Kyai.”

115 “Nah niki lho, Gusti ndika niku sajake boyoke keju-keju. Wetenge oyak-uyek. Sajakke badhe nglairaken jabang borongan (*jabang bayi*), eh jabang bayi. Lha dos pundi.”

“Wo... ngeten mawon. Mengke mboten usah pados dhukun. Kula dhewe sing nulungi.”

“Mangga-mangga, nggih.”

120 (Kandha:) Lha ditulungi tenan.

“Lah niku kepenak. Mangga-mangga kula beberna klasa.”

(Kandha:) Dibeberna klasa, klasa pandan, gek e wis madhul-madhul. Lha wis jaman biyen kemerdekaan, kan durung. Saiki... saiki klasa plastik radha lungset sethithik ae moh. Ora-orane ya karpet. Weh jasik nek
 125 Kusumaning Ayu Rayung. Wulan biyen ki, rikala klara-klara, ditundung karo Ki Ageng Sengguruh. Sing dilungguhi ya krasa padang, gek dasar neng gunung. Uyek-uyek krasa. Lha ndilalah ning kono, Kusumaning Ayu Rayung Wulan dibeberna klasa kon mujur ngalor, miturut miline banyu.

“Mangga-mangga, Raden Ayu, mangga. Lha, sampeyan mapan-
 130 mapan.”

(Kandha:) Lha ya sing arep babaran, sing putri, dukune ya wanita, dadi ora isin.

“Mangga-mangga niki rekmane diudari mawon.”

(Kandha:) Wong biyen ora ana wong kriting, kok. (*Durung enek*)
 135 Wong kriting durung enek, sik gelungan, ya neng mburi. (*Eh, kirane nang ngarep*) Diuculi. Mbase diuculi, ka kuwi klambine diuculi, centinge diudari kari tape. Yen tape ora kaya saiki. Lek e saiki kemajuan malah rijik. Cah putri-putri saiki malah celonoan, dandan rijik. Umpama numpak becak ngono bebas.

140 Lha tenan, mbongso mujur ngalor ditulungi tiyang biyung-biyung embane.
Diurat-urut banjur dirapali. Dirapali karo ya kuwi sing diarani 'ya bai'.

Banjur Dirapali:

lera-lere ndang metua sclak sore,

broi-brolan, broi-brolan, ndang metua, selawane (*ya la elo elo la*).

145 (Kandha:) Mak broi.... lair tenan. Ndah ndilalah:

"Piye biyung emban."

"Inggih mangke rumiyen."

"Iki laire kakung apa putri."

"Inggih, rumiyen kula tingalane."

150 (Janturan:) Bayeke banjur diinger,

Praupane bunder,

Mbasa bar diinger

Didelok enek ujeng-ujenge ngather (*ya la elo, elo la*)

"Jaer (*jaler*), menika kakung."

155 "Lha dalah, yen lanang ya matur nuwun. Reh dene iki
ngene ya, ayo saiki digawekna tenger. Digawekna jenang piring patang

abang (*kuwalik; kuwalik piye toh? Jenang abang patang piring*). He eh, jenang abang patang piring. Ilang jenange karek jeneng. “

(kandha:) Terus diundangne, diundangne... wong kiwa tengene kono
160 ki, jik arang-arang. Digawekna jenang abang patang piring. Sing jenang abang, abang putih, jenang sekok. Lha tenan, mbasa teka kono diundangne sesepuh kono.

“Mangga, yayi, niku sampeyan ikrarne niat kajate.”

“Inggih, menika kangge damelaken asma putu kula ingkang lair
165 menika.”

“Inggih-inggih.”

“Lha tenan. Reh dene laire iki dinane ahad kliwon, napa re dinamaake Ahad?”

“Ya ora becik.”

170 “Menawi dinamakake Kliwon?”

“Mboten sae.”

“Menika ngaten mawon lho. Reh dinten rikala semanten, inggih ingkang garwa Adipati Anak Emas Rayungwulan menika anggone ngandung menika keluyu lunta kebaya sara tansa ngandut kandungan,
175 lare kang lair menika kula asmani *Raden Jaku Kandung*.”

“Oh, inggih-inggih.”

(Kandha:) Lha tenan ilang jenang karek jeneng Jaka Kandhung. Lha
Jaka Kandhung laire neng gunung pegat.

VI

BABAK KELIMA

(Kandha:) Mbasa ya bench saya bench, saya gedhe, ndilalah kersaning Allah. Lha dalah, silih gegar gayo gantia anggen kula angucap. Jaka Kandhung, reh dene menika crita dipun sengkakaken mawon, wis umur sepuluh taun. Mlaku kuwi ngetan, ngidul, ngetan, terus numpuk- numpuk
5 watu sakpirang-pirang. Lha terus ditunggu. Leh numpuk-numpuk iki ditata kaya guwa.

“Ya iki mbesuk, senajan ta aku lho iki ora ana kawitane, iki mbesuk, lehku numpuk-numpuk watu neng kana kaya ngene iki, sok takjenengake ‘Guwa Sela Tumpuk’.”

10 (Kandha:) Tenan, wonten ing sakcelake dusun Sela Kajang iki wonten Guwa Sela Tumpuk. Sak bubare ngeten lajeng glethakan. Glethakan iku leych-leych utawi klesetan. Inggang damel kajang niku selo. Lha lajeng ning niku mbesok rejane jaman, desa kana dijenengne ‘Desa Sela Kajang’. Lha saya ngetan, saya ngalor, saya ngetan, ndilalah ing ngriku, wonten ing

15 alor-alor Blitar (*alon-alon*). Oh, alon-alon Blitar. Pas enten PPAP terus, sakniki. Nek biyen pasar malam guedhen-gedhenan. Terus takon kali sanes punggawa kadipaten, ning bakul wonten mriku.

“Pak dhe!”

“Lho sampean sinten, nak?”

20 “Kula Jaka Kandhung saking Gunung Pegat. Ler niku daleme sinten inggih, Pak?”

“Wah, niku daleme Sang Adipati Sengguruh. Adipati kang nomer kalih.”

“Oh Inggih, nek ngaten kula badhe wangsul.”

25 (Kandha:) Banjur balek tenan. Balek menyang Gunung pegat. Ndilalah kersaning Allah. Mandhek tekan Gunung pegat (*ya laela, elola...*). Teka Gunung Pegat.

“Ibu!”

“Ana apa lho, Nak?”

30 “Aku tas dolen-dolen, lho Ibu.”

“Dolen-dolen neng endi?”

“Nganu, aku nek etuan kana lho. Etan kana ki enek lapangan sing amba, ana ringine kurung. Lore iki jarene kok e daleme sang adipati lho. Adipatine sapa ta?”

35 “Bocah bagus, aja nakokake ya kuwi barang sing wewadi, ya nak!”

“Wis toh bu, sampean ngomong terang-terangan ae. Bapakku kuwi sapa? Sapa sing ngukir jiwa ragaku ki, sapa toh, Bu?”

(Kandha:) Sini tekan jaman semana, ora diblakani iki ya piye, diblakani ki, bocah sik umur sepuluh taun.

40 “Kandhung.”

“Kula, Ibu.”

“Iki ngene ya nak, sejatine sing dadi adipati menyang ing Blitar sing angka loro kuwi.... ya kuwi eyanganmu.”

“Lha bapakku kuwi sapa?”

45 (Kandha:) Puspaning Ayu Dewi Rayung Wulan nyupuk tigak-tiguk ing mriku, (*tingak-tinguk*) arep terus diblakakake.

“Ki Wangkeng.”

“Timbalan ingkang dawuh, Raden ayu.”

“Piye?”

50 “Inggih dipun blakakake mawon. Reh dinten kados ngaten, nggih dipun blakakaken mawon.”

 “Iki ngene, ya nak. Sejatine, kanjeng ramamu kuwi asmane ya kuwi... kanjeng ramamu Dipati Nila Suwarna. Nanging diperjayani kali Arya Sengguru, ya Ki Ageng Sengguruh sing saiki dadi adipati lho nak.”

55 “Dadi bapakku diperjayani?”

 “Ho oh.”

 “Saiki aku arep males wirang.”

 “Aja ya nak, aja.”

 “Nak empun, ampun Den. Empun sakniki. Ngeten mawon.
60 Panjenengan kinging badhe males wirang... kinging. Kula wanti-wanti, sampun ngantos damel inggih menika pepejah wonten kadipaten. Sakniki ngeten kemawon. Panjenengan rewa-rewa suwita wonten Kadipaten Blitar. Menawi sampean mangke sampun dipun tapi, mangke panjenengan nyuwun inggih menika busana ingkang kaprajuritan ing kademangan. Saksampunipun

65 panjenengan nyuwun ngangggar pusaka lan panjenengan nyuwun pusaka ingkang wonten ing saka guru ler kilen, ingkang nami keris dapur *Kyui cepret.*”

 “Inggih, sak lejangipun?”

 “Mangke malih kados mekaten. Mangke sak sampunipun dapur

70 Kyai Cepret panjenengan asta, panjenengan ngadhek utawi jumeneng sak ngajengipun Adipati Sengguruh. Salman wales wirang panjenengan, madrek adipati ingkang wonten mriku.”

“Menawi kados mekaten, sagah. Kula, mboten wedal gesang. Kula badhe nderek.”

75 (Kandha:) Banjur budhal tenan. Jaka Kandhung budhal nggawa abdi kuwi, ya sing diarani Kyai Wangkeng, jaman semana (*ya ela elo la*).

(Janturan:) Saya ngetan, sing saya ngetan

ya la piye

Lakune Jaka Kandhung karo Kyai Wangkeng

80 *ya tenan*

Wis bablas teka ing Kadipaten Blitar

ya nyang apa

Kersaning Ki Ageng Sengguruh semana

ya...ya...:

VII

BABAK KEENAM

- (Janturan:) Sepira beras kopimu,
beras kopimu
 Telung karung, tak tampenane,
ya la tenan
- 5 Ya sepira lawas, lawas janjimu,
ya nyang apa
 Telung taun tak entenane.
- (Kandha:) Wis teka ning kadipaten. Ndilalah ning alon-alon.
(ya la elo elo la).
- 10 “Lho kok enek bocah bagus, iki sapa?”
 “Menawi panjenengan ndangu dhateng kula, nami kula Jaka
 Kandhung, saking Gunung Pegat.”
 “Lha praptamu?”
 “Semindah, kula kajange ing kadipaten. Kaping kalehipun, kula
 15 badhe pados pendamelan, badhe nyuwita wonten ngriki.”
 “Kowe bisa kabisan apa?”

“Nggih menapa ingkang printahaken, kula sagah anglampahi. Kula kepingin dados inggih menika prajurit utawi tamtama.”

“Kepingin dadi prajurit?”

20 “Inggih.”

“Ora pantes kowe dadi prajurit. Kowe tak dadekna demang.”

“Menawi kados mekaten... nderek.”

25 “Lah, reh dene sesuk iki ngenekake sarasehan. Bakal ya kuwi ngenekake klumpuk-klumpukan, sarasehan. Adi bakal dawuhake, ngenekake ngundakake pajak-pajak enek Kadipaten Blitar kene. Kowe sesuk kudu ngagem seragam demang.”

“Inggih kula sagah kemawon. Nanging kula dereng gadha sragam.”

“Oh durung duwe busana?”

“Blereng (*dereng*), ah dereng.”

30 “Ya wis tak wei... nyo, iki nggenen.”

(Kandha:) Dinggih tenan.

“Lho, para demang-demang sami ngagem pusaka, lah kula kok mboten, lho?”

“Lho pusakamu apa? Apa njaluk pusaka Kyai Jalak?”

35 “Mboten.”

 “Pasopati?”

 “Mboten.”

 “Sengkelat?”

 “Mboten.”

40 “Apa njaluk Kilapsari?”

 “Mboten. Ingang kula suwun menika, inggang manggen wonten saka guru lor kilen.”

 “Lho, lho, wong kuwi peni-peni wong Kadipaten Blitar jare.”

 “Senajan menika peni-peni, menika badhe kula suwun.”

45 “Menawi mboten dikeparengaken?”

 “Inggih kados pundi carane.”

 “Ya sik, tak jupukne.”

(Kandha:) Ya dipundhut tenan. Dipundhutke pusaka sing manggen menyang ing saka guru lor kulan, tumbak Kyai Cepret ya keris kyai cepret.

50 “Nyo”.

(Kandha:) Diagar. Mbasa diagar.... Ndilalah kersaning Allah.

“Ki Ageng Sengguruh, waspadakna. Kuwi jiyo tirta kang wening sapa aku.”

“Lho, bocah bagus, kowe lak Jaka Kandhung?”

55 “Aku Jaka Kandhung. Aku Jaka Kandhung putraning Kusumaning Ayu Dewi Rayung Wulan. Sing rikala gesang, kok kutho-kutho. Kanjeng ramaku kok pateni menyang ing Kedhung Gayaran. Aku utang wirang, nyaur wirang. Utang pati, nyaur pati. Dina sak mangko, yen wis keris Kyai Cepret tampanen. Kowe bakal tak perjayani.”

60 “Lho kok sik, kok sik. Aja kok perjayani ya nak, aja ya! Ya aku wis trima kalah.”

“Yen kowe durung tak perjayani, aku durung marem. Awit aku sing bakal gumanti, Adipati Arya Blitar sing angka telu.”

“Simolurik, Simolurik.”

65 “Kados pundhi?”

“Iki piye?”

“Lha menika, ingkang lepat menika panjenengan. Rikala semanten ingkang merjayani ingkang rama, inggih panjenengan. Menika sampun dipun badhe wales, menika sampun sreg.”

70 (Kandha:) Leno pangendane, ya kuwi Ki Ageng Sengguruh, jaman semono, disuduk karo Kyai Cepret ...mak jret. Banjur tiba kalibapa. (*ya ela, la elo*). Ya mati ora, urip ora. Mbrangkang, mbrangkang, mbrangkang,

biablas. Senajan ora mati, senajan durung mati, isih isa mbrangkang teka wadoh. Ki Ageng Sengguruh, jek mbrangkang teka adoh. Ditututi para prajurit, ora pethuk. Nanging mesthi bakal matine.
75 Silih gegar gayo, gantio anggen sira angucap.

“Para Demang-demang, eh kanca-kanca.”

“Kula-kula.”

“Para Punggawa, iki ngene. Jaka Kandhung ki dene putra Adipati Nila Suwarna. Panjenenganipun Gusti Adipati sing angka siji. Lha iki sing wis merjayani Ki Ageng Sengguruh. Ayo, saiki diangkat dadi adipati sing angka telu. Jejuluk ‘*Adipati Arya Blitar Dipati Jaka Kandhung*’ ya Adipati Nila Suwarna sing angka telu.”
80

“Inggih, nderek kados inggih.”

85 “Kula nggih, cnggih.”

“Setuju toh?”

“Stuju-stuju.”

“Saiki ibune Jaka Kandhung ning Gunung Srengat, ning Gunung pegat gawanen mrene.”

90 “Barek kados mekatan, sagah menapa mboten?”

“Sagah kula patine.”

(Kandha:) Banjur budhal tenan menyang Gunung Pegat, semana. Ya mapak ingkang ibu Kusumaning Ayu Dewi Rayungwulan (*ya laelo, elola*).

“Kaya Kyai Wangkeng?”

95 “Inggih.”

“Enek wigati apa?”

“Reh dinten menika, ingkang putra sampun dados Adipati ingkang jejuluk *Arya Blitar*, adipati ingkang angka telu. Panjenengan dipun aturi tindak wonten kadipaten Blitar.”

100 “Kapan?”

“Nggih sak menika. Sumangga kula dherekaken.”

(Kandha:) Kocap-kocap jaman semana. Tindake Kyai Wangkeng klawan garwa ingkang Dipati Nila Suwarna (*ya la elo, elo la*). Inkang asesile Kusumaning Ayu Dewi Rayungwulan (*ya ela Rasulullah*).

105 (Janturan:) Ngono ya dadi lakune,

yu lakune

Wong tindake Dewi ya Rayungwulan,

Saya ngetan, saya ngetan, tindake Rayungwulan,

Wis teka ing Kadipaten Blitar

110 *ya...*

Lha wong gawe wayange kuna

wayange kuna

Wong sing gawe lho mas, kayune jati,

kayune jati

115 Aku eling-eling jaman semana,

ya nyang apa

Isa gawe larane ati.

(Kandha:) Byar padang mbangun raina. Jam pitu isuk, kuwi wayahe
(*ya la elo, la elo la*).

120 “Kanjeng ibu, sungkem kula.”

“Jaka Kandhung.”

“Kula, Ibu.”

“Kok sliramu... kok wis dadi adipati?”

125 “Inggih, kula sampun dipun angkat dados Adipati ingkang angka
tiga, wonten ing Blitar mriki. Ajejuluk Dipati Arya Blitar angka tiga.”

“Yen kaya mengkana, aku nyekseni. Para demang-demang lan kabeh parawadya punggawa saka kadipaten Blitar, Putraku, ya kuwi Jaka Kandhung, bakal diangkat dadi dipati. Patihe sapa?”

“Menika durung wonten patihipun..... benjang gampil.”

130 (Kandha:) Reh dinten menika wedalipun sampun cekap, nggih
mbenjang kemawon dipun sambung malih. Sajakipun taksih kirang, nggih
kersa atimbali *Kentrung Santosa Budaya*. Lak murah mawon. Nyapa ae
teka kene yo e. Tapi ya antar jemput tutuk. Lha kanca, kowe ngerti
ngetamat anggone crita. Yen luput nyuwun ngapura. Lha luput-lupute
135 wong crita, eh jaman semana, sasmita kowe mbengoko.
“Ile.....!”

VIII

PENUTUP

- 1 (Koor:) Eh.....ya la ya ela elo,
- Karang aku pirsu, gedhang mas pupusing sutra,
Jarang aku pirsu, tapake kuntul ngelayang,
Nduk si genduk, kowe mrenea taktuturi,
- 5 Enaka dadi randha, mboten wonten tiyang rerabi,
- Kembang karo uwi,
Enek wong lanang durung rabi,
Maju karo mundur,
Sowan ngersane Nabi Rasul.

3.3 Catatan Transkripsi

Seperti yang telah dijelaskan di depan, bahwa untuk memudahkan pemahaman teks cerita kentrung *Arya Blitar*, maka diberi catatan transkripsi untuk memuat kata-kata tertentu di dalam teks cerita. Catatan ini dibagi menjadi dua bagian. Catatan 1, memuat kata-kata yang berupa *salah ucap* (su), *makna tak jelas* (mtj), *salah menggunakan kata* (smk), *pungut*, *pememdekkan kata* (pk) dan *dialek*. Sedangkan catatan 2, memuat sejumlah kata-kata sulit, nama barang keperluan rumah tangga, dan lain-lain.

Adapun cara pencatatannya adalah sebagai berikut: kolom pertama memuat nomer urut, kolom kedua memuat kata-kata yang perlu dicatat, kolom ketiga memuat letak berdasarkan bab dan baris, kolom keempat memuat pembetulan (kata baku), kolom kelima memuat arti dalam bahasa Indonesia, dan kolom terakhir memuat keterangan penggolongan kata.

Contoh penulisan pengutipan:

No.	Terucap	Bab/Baris	Seharusnya	Terjemahan	Ket.
1	<i>ae</i>	5.13; 5.36; 6.37; 7.173	<i>wae</i>	saja	dialek

Kata *ae* di atas merujuk pada bab III baris ke 13, bab III baris ke 219, dan seterusnya.

Catatan 1:

Tabel 1. Catatan Transkrip Cerita Kentrung AB

No.	Terucap	Bab/Baris	Baku	Terjemahan	Ket.
1.	<i>ae</i>	5.13; 5.36; 6.36; 7.173	<i>wae</i>	saja	dialek
2.	<i>aja</i>	4.145	<i>apa</i>	apakah	su
3.	<i>aneng</i>	5.5	<i>ana ing</i>	ada di	dialek
4.	<i>anggone</i>	5.173	<i>nalika,</i>	ketika	smk
5.	<i>anggone</i>	5.70	<i>anggenmu</i>		smk
6.	<i>angsal</i>	5.74	<i>asal</i>	dari, berasal	smk
7.	<i>angsal keke</i>	4.61	?	-	mtj
8.	<i>antar jemput</i>	7.132	-	<i>antar jemput</i>	pungut
9.	<i>apa toh, ngapa toh</i>	5.50; 5.62; 5.72	-	ada apa	dialek
10.	<i>bapak andil</i>	3.3	?	-	mtj
11.	<i>har</i>	5.153	<i>hubar</i>	setelah	pk
12.	<i>barek</i>	7.90	<i>menawi</i>	kalau	smk
13.	<i>biablas</i>	7.73	<i>bablas,</i>	hilang dari pandangan	dialek
14.	<i>(mbok) hilih</i>	2.7; 2.37; 2.164	-	mungkin	dialek
15.	<i>congge</i>	2.58	?	-	mtj
16.	<i>dhek</i>	2.148	<i>taksih, jik</i>	masih	dialek
17.	<i>dhek</i>	2.131	-	penghubung ket. Waktu	dialek
18.	<i>dhek</i>	3.62	<i>nalika</i>	ketika	dialek
19.	<i>dhuwike</i>	3.66	<i>dhuwite</i>	uangnya	dialek
20.	<i>dinamaake</i>	3.170	<i>dijenengake</i>	diberi nama	smk
21.	<i>dingge</i>	6.31	<i>dianggo</i>	dipakai	dialek
22.	<i>dipanggil</i>	3.68	<i>ditimbali</i>	dipanggil	smk/ pungut
23.	<i>diurut-urut</i>	5.141	<i>diurut-urut</i>	dipijat dengan cara menelusuri	dialek
24.	<i>dolen</i>	6.31	<i>dolan</i>	bermain	dialek
25.	<i>durung</i>	7.129	<i>dereng</i>	belum	smk
26.	<i>empun</i>	6.59	<i>sampun</i>	sudah	pk
27.	<i>endi</i>	2.148	<i>ngendi</i>	di mana	dialek
28.	<i>enek</i>	5.26; 5.51; 5.65; 5.81; 5.153; 6.32; 7.25; 7.96	<i>anu</i>	ada	dialek
29.	<i>eneng</i>	4.99	<i>anu</i>	ada	dialek

30.	<i>engkok</i>	3.50	<i>mengko</i>	nanti	dialek
31.	<i>gampil</i>	3.74	<i>gampang</i>	mudah	dialek
32.	<i>gawe</i>	4.113	<i>digawe,</i>	dipakai	smk
33.	<i>gek...</i>	3.64; 5.122	-	ungkapkan untuk perbuatan yang berlawanan	dialek
34.	<i>gek apa ta</i>	3.64	-	mengapa	dialek
35.	<i>isa</i>	7.73; 7.117	<i>bisa</i>	dapat	pk
36.	<i>iki</i>	6.5	<i>iku</i>	itu	smk
37.	<i>iki piye ta</i>	5.33	-	ini bagaimana	dialek
38.	<i>jabare</i>	3.106	<i>banjure</i>	setelah itu	su
39.	<i>jasik</i>	5.124	?	-	mj
40.	<i>jik</i>	3.62; 6.160	<i>taksih</i>	masih	dialek
41.	<i>jik</i>	7.74	<i>wis</i>	telah	smk
42.	<i>jiya tirta</i>	5.51	?	-	mtj
43.	<i>jongkokna</i>	3.50	<i>jongkongna</i>	didorong hingga jatuh	su
44.	<i>kajange</i>	7.14	<i>badhe</i>	akan	smk
45.	<i>kale</i>	3.231	<i>kaliyan</i>	oleh	dialek
46.	<i>kalih</i>	4.16	<i>marang</i>	pada	smk
47.	<i>kan</i>	5.123	<i>tah</i>	kan	pungut
48.	<i>karek</i>	5.168; 5.177	<i>kari</i>	tinggal	dialek
49.	<i>karo</i>	3.5; 3.7	<i>dening</i>	oleh	smk
50.	<i>keliya</i>	4.5	?	-	mtj
51.	<i>kenek</i>	2.55	<i>kena</i>	dapat	dialek
52.	<i>kenek apa</i>	2.127	<i>ana apa</i>	ada apa	dialek
53.	<i>ket sien</i>	2.141	<i>rumiyin</i>	sejak dulu	dialek
54.	<i>ki</i>	4.210; 4.213; 7.79	<i>iki</i>	ini	pk
55.	<i>kinarita</i>	2.5	<i>cerita</i>	cerita	smk
56.	<i>kiranganipun</i>	2.153	<i>kirangipun</i>	kekurangan	su
57.	<i>kitha</i>	5.53	<i>kutha</i>	kota	smk
58.	<i>ko</i>	3.60	<i>saka</i>	dari	pk/ dialek
59.	<i>kok e</i>	3.62; 6.33	-	untuk penekanan kata	dialek
60.	<i>kon</i>	5.34; 5.41; 5.42; 5.61; 5.62;	<i>dikon, dikongkon</i>	disuruh	dialek
61.	<i>kono</i>	4.80	<i>mono, semono</i>	begitu	smk

62.	(sak)lajeng (ipun)	2.84; 2.142; 4.19; 4.41; 4.104; 5.9	banjur	kemudian	dialek
63.	lajengipun	5.9	mlajengipun	jalannya	smk
64.	leh	6.5; 6.8; 4.131; 5.51; 5.100; 5.102	oleh	penghubung kata kerja	pk
65.	lek	2.105; 2.109; 5.13	yen	kalau	dialek
66.	(sak)mangke	2.14	sak niki	sekarang	smk
67.	(sak)mangken	2.14	sakmangke	nanti	dialek
68.	masu	5.81	mbasa, nalika	ketika	smk
69.	mbasu	2.111; 5.67; 5.136; 7.51	nalika	ketika	dialek
